ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№158 (21.066) ● 2007 гъэм шыщхьэІум (августым) и 15, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Хъыбар гуапэ

Къанокъуэ Арсен нэхъ ощІэшхуэ зиІэхэм хабжэ

ЩІыналъэ политикэ дэжьакІуэхэм я рейтингыу Политикэ экспертизэмкІэ дунейпсо институтымрэ Политикэ конъюнктурэмкІэ центрымрэ зэхалъхьам бжьыпэр щиубыдащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Спискэм хагъэхьа унафэщІхэм яІыгъ увыпІэхэр щагъэбелджылым къалъытащ ахэр Кремлым зэрыдэлажьэр, къэралым и Президент Путин Владимир хуаІэ пыщІэныгъэхэр, езыхэр зи унафэщІ щІыналъэхэм щыІэ оппозициэр зыхуэдэр, щІыналъэхэм щыІэ социальнэ зэпэщІэтыныгъэр, щІыпІэ самоуправленэр къызэрыгъэгъэпщар, нэхъ къаруушхуэ зыбгъэдэль бизнес гупхэм зэрадэлажьэр, нэгъуэщІхэри.

Къанокъуэ Арсен кыдэкІуэу нэхъ пщІэшхуэ зиІэхэм хабжащ Бурятие Республикэм и Іэтащхьэ Наговицын Вячеслав, Амур областым - Колесов Николай, Камчатскэ областым - Кузьмицкий Алексей, Новгород областым - Митин Сергей, Кемеров областым - Тулеев Аман, Москва областым - Громов Борис, Санкт-Петербург къалэм - Матвиенкэ Валентинэ, Тюмень къалэм - Якушев, Краснодар краймэ - Ткачев Александр, Красноярск краймэ - Хлопонин Александр, Москва къалэм - Лужков Юрий, ШэшэнРеспубликэм и Президент - Кадыров Рэмзан сымэ.

Губернатору 29-р курыту лажьэу, 14-р зэрылажьэм арэзы укъимыщІу къалъытащ.

МЕЧИЕВ Асхат,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэ.

● Куржы-абхъаз зауэр къызэрыхъейрэ илъэс 15 мэхъу

Апсным и хуитыныгъэм зи псэр щІэзытахэм папщІэ

1992 гъэм шыщхьэІум и 14-м Куржым и къэрал советым и дзэхэр Абхъазым теуэри, куржы-абхъаз зауэм щІидзат. ЛъэныкъуитІми щыщу а зауэм щіыху мин 17 хуэдиз хэкІуэдауэ къалъытэ.

Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщІэ и псэхэр ятащ ди лъэпкъэгъу щІалэхэу 64-м. А зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Налшык дэтым и деж дыгъуасэ щыщхьэсат Абхъаз, Афганистан зауэхэм хэтахэм я Союзхэм, Къабардей Адыгэ Хасэм я ЛыкІуэхэр, Абхъазым лІыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэр, журналистхэр.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ Абхъазым и Лыхъужь, ЗыхъумэжыныгъэмкІэ министру а щІыпІэм щыІэ, мызэ-мытІуэ хахуагъэ къызыгъэпсэлъэгъуэ **Соснаны Сулътан**. Абы жиІащ:

- Куржым и дзэхэм, бронетехникэр, авиацэр, топхэр зи дэпкъыкъуэгъуэхэм, мураду яІащ Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр (автономиер) ягъэкІуэду, тепщэгъуэр щаубыдыну. Абы и щыхьэтт куэдым яцІыху Каркаришвили Гиви мыпхуэдэу зэрыжиІэгъар: «Куржы минищэ мы зауэм хэкІуэдэми содэ, абхъазхэр зэтедгъкІэмэ». Апхуэдэ мурад игъуэджэр Куржым и унафэщІхэм къайхъулІакъым, зауэ хуэІуэхуэщІэхэр я куэду щытами. Абхъазым къыкъуэуващ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я лЫкІуэхэр. Псом хуэмыдау абыкІэ щапхъэфІу щытащ адыгэхэр. Абыхэм я фІыщІэкІэ абхъазхэм Іэмал ягъуэтащ япэ щыкІэ цІыхубэ ополчение, итІанэ ЗыхъумэжыныгъэмкІэ министерствэ, дзэ штаб нэхъыщхьэ къызэрагъэпэщыну. Абхъазым и хъумакІуэхэм яхуэзфІэкІащ куржыхэм я дзэхэр ирахужьэжыну, я щІыналъэр хуит къащІыжыну.

Соснаны СультІан и псалъэм къыхигъэщащ Абхъазым щызэуахэм лІыгъэ зэрахэлъар, куэдыр я псэм зэремыблэжар, хахуагъэкІэ ди лъэпкъым и тхыдэм зэрыхыхьар, уахътыншэ зэрыщыхьуар.

А гупсысэм къыпищэри, Абхъазым щызэуахэм я сокъэм и унафэщІ **Бекъшокъуэ Алексей** жиІащ ди лъэпкъэгъуэхэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІар Кавказыр зауэм и мафІэм щыхъумэным, Абхъазым и щІыналъэм мамырыгъэр щызэтегъэувжыным, ди лъэпкъ зэкъуэшхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным.

- Мы фэеплъыр зыхуагъэувахэм яхэтщ Афганистаным лІыгъэ щызезыхьа ди лъэпкъэгъуэхэри, - жиІащ Афганистаным щыІа зауэлІхэм я союзым и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур** - Абхъазм ди щхьэр яхудогъэщхъ, ахърэтыфІкІэ дахуохъуахъуэ...

Куржы-абхъаз зауэр зэрекІуэкІам, абы ди лъэпкъэгъуэхэм щагъэлъэгъуэ лІыгъэм, адыгагъэм, гущІэгъуэм теужауэ ди корреспондентым щапхъэфІ куэд къыхуаІуэтащ Къущхьэ Мухьэмэд, абы и къуэ Ахьмэд, Альтуд Славэ, Насыпэ Заудин, Шорэ Анзор, Хьэмдэхъу Тимур сымэ.

Къызэхуэсахэм Абхъазым и хуитыныгъэм зи псэр щІэзытахэм я фэеплъым удз гъэгъа Іэрамэхэр бгъэдалъхьащ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.
Сурэтыр тезыхар **КЪАРЕЙ Элинэщ**.

Дзюдо

Джэд гъэхъуным зрат

АДЫГЕЙ. *Мэкъумэш Іуэхущапэхэм ядэлажьэ «Ресурс» фирмэм иджыблагъэ зэригъэпэщыжа «Щоджэн» джэд фабрикэр къыдэІуахыжащ. Абы теухуа зэІущІэм къырихьэлІащ Адыгейм и премьер-министр Саможенков Владимир, правительствэм хэтхэр, нэгъуэщІхэри.*

«ЩОДЖЭН» фабрикэр «Ресурсым» къыдэригъэпэщыжащ зы илъэсым къриубыдэу. Инвестицэ ахъшэу абы хилъхьар сом мелуани 100-м щІегъу. ІэщагъэлІхэм къызэральытэмкІэ, зы илъэсым къриубыдэу мыбы къыщалажьэнымущ джэдыпу тонн 5000-м щІигъу.

«Ресурсым» и унафэщІ Наурыз Виктор зэрыжиІамкІэ, фабрикэр корпусипщІ мэхъу. Ахэр псори иджырей технологиехэмкІэ къызэгъэпэщащ.

Фигу къэдгъэкІыжьащи, илъэс зыбжанэ ипэкІэ «Щоджэныр» Иорданием къинкІыжа адыгэхэм бэджэнду яІыгъащ икІи хъарзынэу ягъэлэжьащ. Ауэ район администрацэм бэджэндыпщІэм и уасэм щыхигъахъуэм, абы пэмыльэщу Іуэхущапэр къэралым иратыжащ. ИужькІэ ар щыпІэ хъэрычэтыщІ гуэрым иратри, фабрикэр банкрот ищІащ. Абы теухуа Іуэху кІэнІэтауэ, район администрацэм и унафэщІымрэ директорымрэ судым иритауэ щытащ а зэманым республикэм и президенту щыта Щэумэн Хьэзрэт

Шахмат зэхьэзэхуэ

АБХЪАЗ. *«Сыхъум-2007» 6-нэ дунейпсо шахмат зэхьэзэхуэ иджыблагъэ республикэм щекІуэкІащ. Абы къырихьэлІащ щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кынкІа щыху 322-рэ.*

Щэныгъэ

Дзюдэкіэ хальытэнущ

Урысей Федерацэм и Аттестацэ комиссэ нэхъыщхьэм 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м кынщта унафэм ипкъ иткІэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыдигъэкІ «ЩІДАА-м и докладхэр» журналым щІым теухуа щІэныгъэхэм епхуэу кыгтрадзэ тхыгъэхэр дзюдэкІэ хальытэнущ кандидат, доктор диссертацэхэр зыгъэхьэзырхэм кыгтырагъэдзэн хуей лэжьыгъэ бжыгъэм.

Фигу къэдгъэкІыжьащи, «ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и докладхэр» журналыр 1994 гъэ лъандэрэ къыдокІ, нобэ ирихьэлІэу номер 17 дунейм кытехьащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ

Шахмат

АРЦХЪЭКІЭ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Аэрокосмическэ къэхутэныгъэхэмкІэ и агентствэм (НАСА) и Іэщ1агъэлІхэр иджыри гуитІщхьитІщ: язныкъуэхэм къалытэ а гъуанэр кхъужьхыр къэтІысыжа иужьи зэрагъэпэщыж хьуну икІи астронавтхэр ЩІым къэкІуэжын папщІэ шынагъуэ гуэри пымыльэу. Фигу къэдгъэкІыжьащи, 2003 гъэм апхуэдэ дертым я гъащІэр ихьауэ щытащ «Колумбие» кхъухьым иса астронавтибльм.

(ИТАР-ТАСС)

НОБЭ

■Тыва Республикэм и махуэщ (1921)

■Лихтенштейн пщыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - пщыр къыщалъхуа махуэщ.

■Индие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэ махуэщ (1947).

■Конгэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэ махуэщ (1960).

■Каракас лэжьэн щыщІедзэ Венесуэлэм Зыуэ щыт и социалист партым и къызэгъэпэщакІуэ съездым.

■Илъэс 65-р и пэкІэ (1942) кьалъхуащ театрымрэ киномрэ я актрисэ, Украинэм и цІыхубэ артистэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Украинэм и Компартым и цІэкІэ Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм и депутат Заклунная Валерие.

■Илъэс 220-рэ и пэкІэ къалъхуащ урыс композитор Алябьев Александр (1787 - 1851).

■Илъэс 950-рэ и пэкІэ (1057) Ламфанен и деж щекІуэкІа зэхэуэм хэкІуэдащ Шотландием и пащтыхь Макбет. Абы теуха хъыбархэм Шекспир Уильям къытрищІыкІащ а щІэ-дыдэр зезыхьэ трагедие.

■1907 гъэм къалъхуащ тхакІуэ КІыщокъуэ Рашид. 1975 гъэм дунейм ехыжащ.

■**Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 11-м, къухьэжьыщу сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 12-м.**

■**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ зы дакъикъэр.**

ПІалэгуэр зыгъэхъэзырыр **ШАЛ Мухьэмэд.**

Лъэпкъ хуитыныгъэ

ЦІыху къэбгъапщІэхэ, ккІэ уохъу

Зыри хэкІуэдакъым

Щыщхьэ1ум и 13-м кьаГъуащ «Москва - Санкт-Петербург» гъущІ гуэрыгет «Невский экспресс» щыхуэкъезышэкІмафІэгъу.

Мыр террорист щІэпхьаджагъэу зэрыщытыр белджылы къащІащ хабзэхьумкІэм. Я насыпти, мафІэгъуэ псынщІагъащхьэ иныгъ (зы сыхьэтым километр 200 хуэдиз). Абы и фІыгъэкІэ лагъым Іэрыщ1ым (зэрыхуагъэфащэмкІэ, тротил килограммитхум нэс и лъэщагът) и къарур нэсу мафІэгъум лъэІэсакъым. Вагон 12 рельсхэм кьытекІри, уклІуриящ. Щ1ыху куэдым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр хахащ. Зыри хэкІуэдакъым. Щ1ыху 50-м нэс сымаджэщым яшащ.

Мы зэманым гъущІ гъуэгур зэрагъэпэщыж. Зэкъэ мафІэгуэкІр нэгъуэщІ щІыпІэхэмкІэ яГъакІуэ, ауэ ар пІалъэ кІэщІым зэфІагъэувэжынущ.

Тхьдэм къыхэпэнущ

И ныбжьыр илъэс 95-м иту дунейм ехыжащ композитор цІэрыІуэ Хренников Тихон.

Абы и япэ макъамэр иусащ и ныбжьыр илъэс 13-м иту. Абы льандэри и Іэдакъэщ1экІэхэр ди къэралым и гъащІэм кууу хэтащ. Хренников Тихон оперэхэм, балетхэм, симфониехэм хуэІэкІуэлъакІуэ дыдэт, ауэ псом хуэмыдау цІэрыІуэ зыщІар кинофильмхэм папщІэ итха уэрэдхэрщ.

Хренников Тихон илъэс куэдкІэ СССР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэу щытащ. Ар Социалист ЛІэныгъэм и ЛІыгъэ (зы сыхьэтым километр 200 хуэдиз). Абы и фІыгъэкІэ лагъым Іэрыщ1ым (зэрыхуагъэфащэмкІэ, тротил килограммитхум нэс и лъэщагът) и къарур нэсу мафІэгъум лъэІэсакъым. Вагон 12 рельсхэм кьытекІри, уклІуриящ. Щ1ыху куэдым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр хахащ. Зыри хэкІуэдакъым. Щ1ыху 50-м нэс сымаджэщым яшащ.

Мы зэманым гъущІ гъуэгур зэрагъэпэщыж. Зэкъэ мафІэгуэкІр нэгъуэщІ щІыпІэхэмкІэ яГъакІуэ, ауэ ар пІалъэ

ШатлІыр зэрагъэпэщыж

США-м Дунейпсо хьэрш станцым игъэльэта «Леновори» шатлІыр зэрагъэпэщыжыр хуей хьуащ абы сантиметрибгъу зи инагъ гъуэгуанэщхэу иІэу къыщІэкІа нужь.

АрцхьэкІэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Аэрокосмическэ къэхутэныгъэхэмкІэ и агентствэм (НАСА) и Іэщ1агъэлІхэр иджыри гуитІщхьитІщ: язныкъуэхэм къалытэ а гъуанэр кхъужьхыр къэтІысыжа иужьи зэрагъэпэщыж хьуну икІи астронавтхэр ЩІым къэкІуэжын папщІэ шынагъуэ гуэри пымыльэу. Фигу къэдгъэкІыжьащи, 2003 гъэм апхуэдэ дертым я гъащІэр ихьауэ щытащ «Колумбие» къхъухьым иса астронавтибльм.

Шатлілыр зэрагъэпэщыжа

США-м и Дунейпсо хьэрш станцым игъэльэта «Леновори» шатлІыр зэрагъэпэщыжыр хуей хьуащ абы сантиметрибгъу зи инагъ гъуэгуанэщхэу иІэу къыщІэкІа нужь.

●Налшык

Къалэм зеужь

2007 гъэм фокІадэм и 1 щІыпІэ Налшык и уэрам 15-м тетІ асфальтыр зэрахъуэкІынущ. Иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэб жьауэ ІоокІуэкІ. Зи щІыбжэр зыкуей хуагъэзэн хуея унэ 60-м щыщу 30-р ахуащ. Къалэм и утыку нэхъ инхэу Зэгуфыдэныгъэм, Абхъазым, ВІКСМ-р илъэс 40 щирикъуам я щІэр зэзыхьэсэм, Къабардейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щирикъуам и щІэкІэ щыІэм я хъуреягъкІэ удз хэсапІэщІэхэр щаухуащ икІи хунэсахэщ роззу мини 10 щыхасэжыну.

Абы кьыдэкІуэу иджыпсту йолэжь къалэдэсхэр нужьрей зэманым зыгъэтхьэусыхэу щыта, къат куэду зэтет унэхэм зэрыдэкІуей лифтхэр зэхъуэкІыным. Апхуэдэу мы илъэсым къриубыдэу лифтыщІэхэр щагъэувынущ Щоджэнымкіыкум, Пушкиным, Кулиевым, Къалмыкъым, 2-нэ Таман дивизием и щІкІэ щыІэ уэрамхэм тет унэшхуэхэм. Къыхэгъэщыпхьэщ зы лифт щІэкІэ зэпхъуэкІыным ахъшэу сом зы мелуан зэрытекІуадэр. Мылъкур къалэ администрацэм и бюджетым къыхокІ. Лифтхэр ягъэув, зэрахъуэкІ Краснодар къраша Іэщ1агъэлІхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Щэнхабзэ

НОТР-м и фильмыщІэхэр

Волгоград областым и къэрал телевиденэм дэщІыгъуу «Налшык» НОТР-м документальнэ фильмитІ иджыблагъэ трихащ.

«ВОЛГОГРАД зэІущІэхэр» зыфІащащ лэжьыгъэр теухуащ а къалэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхущафэхэм. Апхуэдэщ а щІыпІэм и къэрал телевиденэм и унафэщІ, **КІэрашэ Тембот** и къуэ **Аслъэнбоч**, полиграфкомбинатым и унафэщІ **Чэрим Юрэ**, Европэм щынэхъ ин дыдэ Индыл-Тэн кхъухь зекІуапІэ каналым и тхьэмадэ **Куэблэ Игорь,** Волгоград областым и ГИВДД-м и унафэщІ **Бэджыдэ Юрэ,** Волгоград ТВ-м и редактор нэхъыщхьэ**Хьэгъуэ Еленэ** сымэ. Ахэр ящыщІ Къэбардей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я щІыхьыр ксала-лІыхъужьым лъагэу щызэІэтхэм. Фильмыр дахэщ икІи щІэщыгъуэщ, нэхъыщхьэращи, щІыхупсэ гуэрыщІэкІэ гъэнщІащ.

ЕтІуанэ фильмыр, «Тэн и налкъут» зи фІэщыгъэщІэр, топсэльыхь Тэн и ижьрабгъу Іуфэм къытет Усть-Медведицэ къулъшырыф телъыджэм. Ар Тэн къзакъхъэм я мызакъуэу, христэн диныр зезыхьэ псоми я тхьэлъэІупІэ лъапІэщ.

Фильмхэр тезыха **Вэрокъуэ Владиммирэ Мартиросовэ Рипэрэ** я Іэдакъэщ1экІэхэр къызэрымыІуэу къайхъулІауэ къалъытащ Волгоград телевиденэм и лажьакІуэхэм, апхуэдэуи абыхэм я къыхьащащ щапхъэ зытепх хъуну ІуэхугъуэфІкэр «Налшык» НОТР-м сыт щыгъуи зэрызэфІихыр.

ТЕМЫР Лацэ.

●Япэу тыдолдзэ

Черкасскэ Къасболэт (? - 1681)

Пщыщ, Сэнджэлей и къуэ Муцал и къуэ нэхъыжьщ. 1661 гъэм Урыс пащтыхь Алексей Михаил и къуэм Черкасскэ Къасболэт т къритащ Т эрч кьалэ цІыкІум и унафэр зэрызщІэльымкІэ къэрал тхьылъ.

Черкасскэ Къасболэт Разин Степан зи пашэ дзэхэм Астрэхьан къаІэщІигъэкІыжащ (1670), Іуэв (Азов) тырку быдапІэр къыщащтэм (1674), гребенскэ къэзакъэмрэ къбэрдей адыгэхэмрэ я Іэтащхьэу, 1676 - 1681 гъэхэм ебуэкІа урыс-тырку зауэм щыгъуэ къызэрагъэпэща зэгуэхьэныгъэм и унафэщІу щытащ, Кърым зекІуэм хэту Сиваш гуэлым зэпрыкІащ. Абы и дипломат Іэзэгъым и фІыщІэкІэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэмрэ Урысейм ямыр зэгурыІуэныгъэ 1681 гъэм зэращылІащ.

Фильмхэр тезыха **Вэрокъуэ Владиммирэ Мартиросовэ Рипэрэ** я Іэдакъэщ1экІэхэр къызэрымыІуэу къайхъулІауэ къалъытащ Волгоград телевиденэм и лажьакІуэхэм, апхуэдэуи абыхэм я къыхьащащ щапхъэ зытепх хъуну ІуэхугъуэфІкэр «Налшык» НОТР-м сыт щыгъуи зэрызэфІихыр.

ТЕМЫР Лацэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэралыстым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкІым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэм я лэжьапщІэ зэрыратым и Іуэхукі

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэм я лэжьапщІэр етын мазэ улахуэр (адэкІэ - улахуэщ), мазэ къэс абы хущІагъу ахьшэр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм пыщІауэ хущІагъу ахьшэр хиубыдэу.

2. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэм я улахуэхэр яхуэгъэувын (гуэдзэн №1).

3. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэр я улахуэм мазэ къэс хущІагъуну ахьшэр зыхуэдизыр кьалытэн папщІэ абыхэм лэжьыгъэмкІэ я стажыр къыззрабж Положеиэр къэштэн (гуэдзэн №2).

4. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэм (адэкІэ - лэжьакІуэхэм) я улахуэм мы кІыкІэлыкІуэхэм папщІэ мазэ къэс ахьшэ яхущІыгъун:

лэжьыгъэр гугъуу, егъэзауэ зэрыщытым, ар екъулІэныгъэкІэ зэрыракьыкІым папщІэ, мазэ къэс улахуэм и процент 50-м щыщІэдзауэ проценти 100-м нэс;

стажыр	(процент бжыгъэр)
ильэси 3-м къыщыщІэдзауэ ильэси 8-м нэс	10
ильэси 8-м къыщыщІэдзауэ ильэс 13-м нэс	15
ильэс 12-м къыщыщІэдзауэ ильэс 18-м нэс	20
ильэс 18-м къыщыщІэдзауэ ильэс 23-м нэс	25
ильэс 23-м щегъэжьауэ	30;

зэрылэжьа ильэс бжыгъэм тещІыхьауэ мазэ къэс улахуэм щыщу мы кІыкІэлыкІуэхэм хуэдиз:

лэжьыгъэм кІрикІуахэм ятещІыхьа ахьшэ саугъэтхэр (саугъэтхэр эзрахейм хуэдизу къащтэ);

къэралым и щхэуу щыт Іуэхугъуэхэмрэ бжыгъэхэмрэ зэредэжьым папщІэ улахуэм мазэ къэс проценткІэ хущІагъу - Урысыей Федерацим и законодательствэм щыгъэува бжыгъэхэмрэ хабзэхэмрэ езгъэшу;

мазэ къэс ират ахьшэ саугъэтыр - улахуэм хуэдэ 1 хьуэ;

ильэсым зэ зыгъэпсэхуакІуэ щыкІуэм деж зэрыІыгъыу ират ахьшэр - улахуэм хуэдэ 2 хьуэ;

лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэмкІэ фондым кьыхэкІ дэІэпыкъунытгъэр.

5. ЛэжьакІуэхэм етын Урысей Федерацэм, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм я зыхуэфащэ правовой актхэм япкъ иткІэ ягъэувауэ ят нэгъуэщІ ахьшэрэ.

6. Мы Указым и пункт 4-м и етІуанэ абзацым кьыззрыщыгъэлъэгъуэм хуэдэу, лэжьыгъэр гугъуу, егъэзауэ зэрыщытым, ар екъулІэныгъэкІэ зэрырахьэкІым папщІэ ахьшэ зэрыхущІагъу щІыкІэмрэ а ахьшэр щыухыкІауэ зыхуэдизымрэ, мы Указым и пункт 4-м и еплІанэ, еянэ абзацхэм кьыззрыщыгъэлъэгъуэм хуэдизу ират дэІэпыкъунытэр зыхуэдизыр ягъэув ебзэщІакІуэ властым и органхэм я унафэщІхэм.

7. ЛэжьакІуэхэм я лэжьапщІэмкІэ фондыр кьыщызэрагъэпэщкІэ улахуэхэр тыным текІуэдэнум щІыгъуу кьэлыдэтэн мы кІыкІэлыкІуэ ахьшэрэ ятын зэрыхуейр (ильэсым тещІыхьауэ):

лэжьыгъэр гугъуу, егъэзауэ зэрыщытым, ар екъулІэныгъэкІэ зэрырахьэкІым папщІэ мазэ къэс хущІагъур, къэралым и щхэуу щыт Іуэхугъэмрэ зэредэжьым папщІэ улахуэм проценткІэ хущІагъур зэхэту - улахуэхэм я проценти 10 хьуэ;

зэрылэжьа ильэс бжыгъэм папщІэ мазэ къэс хущІагъу ахьшэр - мазэ улахуэу 2-м хуэдиз хьуэ;

лэжьыгъэм кІрикІуахэм папщІэ ират саугъэтыр - мазэ улахуэу 3-м хуэдиз хьуэ;

мазэ къэс хущІагъу зэрыратрэгъэшхэу ахьшэр - мазэ улахуэу 12-м хуэдиз хьуэ;

гъэ къэс зыгъэпсэхуакІуэ щыкІуэкІэ зэрыІыгъыу ират ахьшэр - мазэ улахуэу 2-м хуэдиз хьуэ;

ахьшэкІэ зэрыдэІэпыкъур - мазэ улахуэу 2-м хуэдиз хьуэ.

8. ЛэжьакІуэхэм я лэжьапщІэ фонду мы Указым и пункт 7-м кьыщыгъэлъэгъуар кьыщызэрагъэпэщкІэ зэрытытэн мы Указым и пункт 6-м кьыщыгъэлъэгъуа адрей ахьшэри ратын папщІэ іыхуеинар.

9. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэм (Бышэн А.А.) хэтъуэвын мы Указыр гъэзэщІэнымкІ текІуэдэнур республикэ (КъБР) бюджетым и хьэкІэ гъэ кьэс кьэзыгъэнэщыну.

10. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм (Ярин А.В.) хэзгъэувын езым и нормативэ правовой актхэр зы мазэ пІалъэм кьриубыдэу мы Указым ирагъэзэгъыжыну.

1. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, къэралыстым и адрей органхэм яхуэгъэувын езыхэм я лэжьакІуэхэм яІыгъ кьулыкІуэхэм зэредэжь мазэ пІалъэм кьриубыдэу мы Указым и гуэдзэн №1-м къыщыгъэлъэгъуахэм ирагъэзэгъыжыну икІи хуэгі щыхьум деж, щыІэ хабзэхэм тету, мы Указыр гъэзэщІэным пыщІауэ лэжьакІуэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным хэзгъэза Іуэхугъэр ялэжьыну.

12. Улахуэхэм щыхагъахьуэкІэ (индексацэ щрагъэкІуэжІкІэ) ахьшэ жьгъейр сомым нэсу нэхъыбэ ящІ.

13. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм, гъэзэщІакІуэ властым и республикэ органхэм яхуэгъэувын мы Указыр гъэзэщІным текІуэдэну ахьшэр 2007 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым лэжьапщІэ фондым щыхухахам кьриубыдэу кьызэрагъэпэщыну.

14. Кьару ямыІэжу кьэлытэн:

«Къэрал ІэнатІэхэм, къэрал кІулыкъым и къэрал кІулыкъщІэхэм я ІэнатІэхэм химыбыдэ лэжьыгъэ езыхьэкІ икІи Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я щыкІуэм техническэ и лІыныкъуэкІэ кьызэрыгъэпэщ щІыкІуэм я лэжьапщІэ фондым теухуа Положеиэу 2000 гъэм накъыгъэм и 11-м Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №32-м»;

«Къэрал ІэнатІэхэм, къэрал кІулыкъым и къэрал кІулыкъщІэхэм я ІэнатІэхэм химыбыдэ лэжьыгъэ езыхьэкІ икІи Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьыгъэр техническэ и лІыныкъуэкІэ кьызэрыгъэпэщ щІыкІуэм я лэжьапщІэ фондым теухуа Положеиэу 2000 гъэм накъыгъэм и 11-м Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №32-мкІэ кьыщтам зэхьэжьІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» 2002 гъэм дыгъэгъаІэм и 28-м Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №139-УП-м.

15. Мы Указыр гъэзэщІа зэрыхъуэм кІэлыплъыну и пщІ итлъхьэн Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Ярин А.В.

16. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу кьыщытратэда махуэм щегъэжьауэ икІи абы и кьарур тохуэ 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ щыІэ хьуа хабзэ зэхущытыкІэхэм.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм щыщхьэІум и 8-м
№55-УП

Гъэмахуэ хъупІэхэм

Я къалэнхэм полъэщ

Щурдым Борисрэ журналист Мыз Ахьмэдрэ зопсалъэ.

ИЛЪЭС Іэджэ щІауэ, хабзэ яхуэхъуам тету, Къбэрдей-Балькъэр радиом, республикэм кьыщыдэкІ республикэ газетхэм я лэжьакІуэхэр зэгъусэу докІ Къущхьэхъу хьупІэм. ДыкІуэхэри а щІыпІэм гукъыдэжу, дэрэжьеГу эу щыдгъуэтым и инатІыр пкУмыІуэтэщІы-нымкІэ зэрыщытым, мазэ къэс улахуэм щыщу мы кІыкІэлыкІуэхэм хуэдиз:

лэжьыгъэм кІрикІуахэм ятещІыхьа ахьшэ саугъэтхэр (саугъэтхэр эзрахейм хуэдизу къащтэ);

къэралым и щхэуу щыт Іуэхугъуэхэмрэ бжыгъэхэмрэ зэредэжьым папщІэ улахуэм мазэ къэс проценткІэ хущІагъур - Урысыей Федерацим и законодательствэм щыгъэува бжыгъэхэмрэ хабзэхэмрэ езгъэшу;

мазэ къэс ират ахьшэ саугъэтыр - улахуэм хуэдэ 1 хьуэ;

ильэсым зэ зыгъэпсэхуакІуэ щыкІуэм деж зэрыІыгъыу ират ахьшэр - улахуэм хуэдэ 2 хьуэ;

лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэмкІэ фондым кьыхэкІ дэІэпыкъунытгъэр.

5. ЛэжьакІуэхэм етын Урысей Федерацэм, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм я зыхуэфащэ правовой актхэм япкъ иткІэ ягъэувауэ ят нэгъуэщІ ахьшэрэ.

6. Мы Указым и пункт 4-м и етІуанэ абзацым кьыззрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, лэжьыгъэр гугъуу, егъэзауэ зэрыщытым, ар екъулІэныгъэкІэ зэрырахьэкІым папщІэ ахьшэ зэрыхущІагъу щІыкІэмрэ а ахьшэр щыухыкІауэ зыхуэдизымрэ, мы Указым и пункт 4-м и еплІанэ, еянэ абзацхэм кьыззрыщыгъэлъэгъуам хуэдизу ират дэІэпыкъунытэр зыхуэдизыр ягъэув ебзэщІакІуэ властым и органхэм я унафэщІхэм.

7. ЛэжьакІуэхэм я лэжьапщІэмкІэ фондыр кьыщызэрагъэпэщкІэ улахуэхэр тыным текІуэдэнум щІыгъуу кьэлыдэтэн мы кІыкІэлыкІуэ ахьшэрэ ятын зэрыхуейр (ильэсым тещІыхьауэ):

лэжьыгъэр гугъуу, егъэзауэ зэрыщытым, ар екъулІэныгъэкІэ зэрырахьэкІым папщІэ мазэ къэс хущІагъур, къэралым и щхэуу щыт Іуэхугъэмрэ зэредэжьым папщІэ улахуэм проценткІэ хущІагъур зэхэту - улахуэхэм я проценти 10 хьуэ;

зэрылэжьа ильэс бжыгъэм папщІэ мазэ къэс хущІагъу ахьшэр - мазэ улахуэу 2-м хуэдиз хьуэ;

лэжьыгъэм кІрикІуахэм папщІэ ират саугъэтыр - мазэ улахуэу 3-м хуэдиз хьуэ;

мазэ къэс хущІагъу зэрыратрэгъэшхэу ахьшэр - мазэ улахуэу 12-м хуэдиз хьуэ;

гъэ къэс зыгъэпсэхуакІуэ щыкІуэкІэ зэрыІыгъыу ират ахьшэр - мазэ улахуэу 2-м хуэдиз хьуэ;

ахьшэкІэ зэрыдэІэпыкъур - мазэ улахуэу 2-м хуэдиз хьуэ.

8. ЛэжьакІуэхэм я лэжьапщІэ фонду мы Указым и пункт 7-м кьыщыгъэлъэгъуар кьыщызэрагъэпэщкІэ зэрытытэн мы Указым и пункт 6-м кьыщыгъэлъэгъуа адрей ахьшэри ратын папщІэ іыхуеинар.

9. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэм (Бышэн А.А.) хэзгъэувын мы Указыр гъэзэщІэным текІуэдэнур республикэ (КъБР) бюджетым и хьэкІэ гъэ кьэс кьэзыгъэнэщыну.

10. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм (Ярин А.В.) хэзгъэувын езым и нормативэ правовой актхэр зы мазэ пІалъэм кьриубыдэу мы Указым ирагъэзэгъыжыну.

1. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, къэралыстым и адрей органхэм яхуэгъэувын езыхэм я лэжьакІуэхэм яІыгъ кьулыкІуэхэм зэредэжь мазэ пІалъэм кьриубыдэу мы Указым и гуэдзэн №1-м кьыщыгъэлъэгъуахэм ирагъэзэгъыжыну икІи хуэдиз хьуэ.

2. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэралыстым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэм я лэжьапщІэр етын мазэ улахуэр (адэкІэ - улахуэщ), мазэ къэс абы хущІагъу ахьшэр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм пыщІауэ хущІагъу ахьшэр хиубыдэу.

3. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэралыстым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэр я улахуэм мазэ къэс хущІагъуну ахьшэр зыхуэдизыр кьалытэн папщІэ абыхэм лэжьыгъэмкІэ я стажыр кьыззрабж Положеиэр къэштэн (гуэдзэн №2).

4. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэралыстым и органхэм я лэжьакІуэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъым химыбыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъхэм (адэкІэ - лэжьакІуэхэм) я улахуэм мы кІыкІэлыкІуэхэм папщІэ мазэ къэс ахьшэ яхущІыгъун:

лэжьыгъэр гугъуу, егъэзауэ зэрыщытым, ар екъулІэныгъэкІэ зэрырахьэкІым папщІэ, мазэ къэс улахуэм и процент 50-м щыщІэдзауэ проценти 100-м нэс;

стажыр	(процент бжыгъэр)
ильэси 3-м къыщыщІэдзауэ ильэси 8-м нэс	10
ильэси 8-м къыщыщІэдзауэ ильэс 13-м нэс	15
ильэс 12-м къыщыщІэдзауэ ильэс 18-м нэс	20
ильэс 18-м къыщыщІэдзауэ ильэс 23-м нэс	25
ильэс 23-м щегъэжьауэ	30;

зэрылэжьа ильэс бжыгъэм тещІыхьауэ

Хирургие къудамэм щылажьэ гупыр

ДЖЭРЫДЖЭ Анатолэ: Сымаджэм и Іуэху зэрыхъунумкІэ дохутырыр щ жэуапгакІуэр

**Иджыблагъэ илъэс 80 ирикъуагъ Шэджэм районым сымаджэщым къызэрызэрагъэпэщ. Ар 1927 гъэм къызэІуахауэ щытащ, уэ гъэтІылъа зиІэ хэм щхьэкІэ гъэтхьыпІэ 15 щІэту. А зэманым кІэрыубдзу абы зэхъуэкІыныгъэ кІэуцІ къыщІэкІащ. Нобэ ар узыфэ куэдым щеІэзэ, сыт и лъэныкъуэкІи къызэгъэпэща сымаджэщ. Мыбы щолажьэ хирургиемкІэ, терапиемкІэ, гинекологиемкІэ, уз зэрыщІалъхьэмкІэ, сабийхэм, нэм щеІэзэ къудамэр. Медицинэ Іуэхущапіэм и зэфІэкІыр къызэрахутэ щалъэ нэхъ лъагэм ящыщу сэ къызэІуатІэ абы зыщыкъытхъуажа щІыхум и фІыщІэ псалъэжэр. Абы и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, Шэджэм районым сымаджэщыр республикэм щынэхъыфІхэм ящыщщ, мы Іуэхущапіэм и щытхъур жыжьэ Іуащи, и узынщагъэр щызэфІагъэувэжыну нэгъуэщІ щыпІэжми къикІыуэр мыбы къакІуэхэр куэд мэхъу.

Шэджэм район сымаджэщым нобэ и Іуэху зытетым, я гъэкъэбзэм тедгъэпсэлъыкъыну, дэ зыхуэдгъэзащ а Іуэхущапіэм и дохутыр нэхъыщхьэ Джэрыджэ Анатолэ.

- Анатолэ, щІыхур сымаджэщым щІэгъуэлъхьа нужь, нэхъ гугъу ёзыгъэхьри псалъэмакъ къызэрыкІри ирахъхьІэнуу хущхъуэр къызэхутырыри. Абы и лъэныкъуэкІэ фэ фи Іуэхур дауэ хъурэ?

- Сымаджэм хущхъуэ зыри кІащхъужыркъым жысІэмэ пэжыкъым, ауэ нужьрей илъэсрэ ныкъуэ - илъэситІым нэхъыщхьэу ехьэлІэн хуейкэмкІэ е процент 85 - 90-мкІэ аэр дэ къызыдогъэпэщ. Дэ нэхъыбэу къэдгъэсэбэлэр Ярысейм щащІа хущхъуэхэрщ, абыхэм я пІалъэ дощІэри, сымаджэмэ зэрезэгъыр дгъэунэхуащи. Хамэ къэралхэм щащІауэ хущхъуэ лъапІэ куэди щыІэщ. Щыхур хуитщ езыр зыкуэІр кІыхьнкІыну. ТерапиемкІэ къудамэр къэтщтэнщи, зы хущхъуэ къамыщІэхуми, а дэ диІэмкІэ сымаджэр тхэгъгъэхъужынущ. Ауэ сызыхуейр нэхъ лъапІэщ, хамэ къэрал щащІа хущхъуэщ жыпІэми, абы хуитыжыр уэращи, къэщэхуж. Ауэ нужьКІэ -сымаджэщым къызасхьэлІэн хущхъуэ ямыІэу сэ къызагъэщэхужащ», жыпІэу бгъэхъыбарыжыныр къэкІуркъым..

- Ар хущхъуэм и Іуэхуращ, медицинэ ІэмэпсымэкІэ дауэ фыкъызэрагъэпэща?

- «Узышагъэ» лъэпкъ проектым и фбитхэкІэ абыкІи ди Іуэхур фІы дыдэщ. Сымаджэм и узыр къызэрытхутэн, абы дызэрелъэзэн Іэмэпсымэ псори нобэ диІэщ. Абы кІащцІынэмыщІауэ, сыт и лъэныкъуэкІи къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщауэ «ДЭпэнкъуэгъу псынщІэ» машинэу 3 къытІэрыхьащ. Абы и фІыгъэкІэ, сымаджэм деж дыкІуэн хуейуэ хъыбар къыдагъащІамэ, дакъикъи 10-м къыщыщІэдзауэ 30-м нэс нэхъ дымыгъэгъуэу дынэсынущ.

- Сыт хуэдиз щІыхуэ щылажьэрэ нобэ район сымаджэщым? ІэщІагъэлІхэр фрикъурэ?

- Сыт хуэдэ узыбфэми еІэзэн дохутырхэр диІэщ. «Нэхъыжьыфі зиІэм, щІэблэ дахи иІэщ», - жаІэ. Ди сымаджэщым щылажьащ республикэм пщІэ щызиІэ дохутыр пажэхэр. Апхуэдэжщ Чекеевэ Мадинэ, Іуанэ Раисэ, Щомахуэ Алексей, ХьэщІыкІу Анатолэ, Хьэгъэжей Розэ, Журт Билал сымэ. Ахэр псори зи Іэщ Іагъэм хуэзыжь, гурэ псэкІэ зи іэжьыгъэр езыхьжІ дохутыр нэсхэт. Ящэ итахэр сыткІи я щапхъэу абыхэм я гъэгуэм ирокІуэ Сэбаншы Тамарэ, Дзбагъуэ Майе, Жарашуевэ Лейлэ, Тхьэгъэпсо Мариндж, Бесльэней Марие, Байчоров Борис, Шайдуллин Ильдар, Атмурзаев Алий сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэ и щІэр къыпІуэн, псоми я лэжьыгъэмкІэ сыдрэзыщ, зыщІегъэх ямыІэу я кхалэнэр ирахьэкІ.

Идыжпсту сымаджэщым щыІэу 450-рэ щоладжьэри, абыхэм ящыщу 390-р щыхуэбзщ. Абыхэм гущІэгъэу нэхъ яхэлъу, щыІэнырэ я Іэу, я псэм и хуабагъэкІэ къэзыухуэрихьхэм ядэгущэфу щытщ, абы къыхэкІыу дохутыр щыхуэбзхэр нэхъыбэу дыдэрпІэр нэхъыбІщ.

- Ящэм еджапІэр къаухамэ, лэжьапІэр къэралым къахунгъуэтырт, хэпІтъыхь ямыщІыуи къыхуагъэпІэгъуэ щыпІэм кІуэрт. Иджы нэхъыбэр къалащхьэ къыщэнжьыну хущІокъу. Фи лэжьакІуэм яхэт Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэр?

- ДиІэщ апхуэдэхэри. Псалъэм папщІэ, Тхьэзэплъыж Ирина, Дышэкі Руслан, Борошиловэ Ириндж сымэ зэрылажьэрэ куэд мыщІами, яхуэзфІэкІащ Іэщ Іагъэлі нэсу зыкъагъэльэгъуэн, я щІэр фыкІэ ягъэІун. Апхуэдэ медколледжыр къэзыуха ныбжьыщІэ куэди щолажьэ ди деж.

**- Щыхур сытым деж щІэ гуэр къызэрищІэным хущІэкъун хуейщ. Псом хуэмыдэу щыхум и узынщагъэр, апхуэдэу щыхъукІэ - и гъащІэр зи Іэмыщ1э кьихуэ дохутырым медицинэм щІэуэ къыхьыхьэ дэтхэнэ зы Іуэхучъуэми щызгъаззу щытынкІи и къаІэнщ, и Іэщ Іагъэр зэрыригъэфІэкІуэнкІи сытым деж хуэзэжьащхъщ. Фи лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм абы и тхьэмщІыгъур аркъэм исащ, зыри щымыхъужьыхэм ар и Іыхьлъхэм сымаджэщым къащащ. Ар аркъэм щыдихьэхым дэнэ ахэр здэщыІар? Псом хуэмыдэу адыгэм ди хьэлщ ар. Жэмыр, мэлыр, хьэр сымаджэ хъуамэ ягъэхъужынущ, ауэ езыр узым къыхигъэзыхьамэ, гъунэгъум и чэнджэщым едэІуэнурэ, абы къыхуихьа хущхъуэм ефэнущ. Сэбэп къыхуэхъуэр - хъарзынэщ, ауэ узыр щхьэщымыкІыу «кьриудамэ», мис итІанэщ дэ зыкъыщытхуагъэзэнур. Апхуэдэу хъунукъым, и чэзум дохутырым деж кІуэн хуейщ.

- Ди жагъуэ зэрыхьущи, Биппократ и тхьэрыІуэр дохутыр псоми зэхуэдизу ягъэзащІэркъым. Уэ узэрелтыкІэ, сыт хуэдэу дохутыр нэсыр зэрыщытым хуейр?

- Псом япэрауэ, ар гупэу, нэщхьыфІэу щытыпхъщ. И инагъуэм щІэсхэм зэрахущытым хуэдэущ ар сымаджэм зэрыбгъэдэтын хуейр. ЗэрыжаІэщи, дохутырым и псалъэ гуапэри хущхъэщ. Узыр къызыгъекІуа щІыхур дэ дохутырым деж макІуэ абы куэдкІэ щыгугъыу. А узыр къызыхэкІар кІихутэрэ сымаджэм щепсэчъыплэкІэ, абы и гукъыдэжыр къиІэтыжыфмэ, и узым зэрыпэлъэщынур фІэщ щищІыфмэ, мис ар дохутыр нэсщ.

УщрагъаджэкІэ къыбжаІэ, дэ узыр къызэрыхутэнум, ар зэрывтъхъужынум фыхуедгъэсащ, ауэ абыкІэ зэфІэкІкъым, фи Іэзагъэм гъусэ хуэфщІыжьын хуейщ щІыгъуэр, гущІэгъуэ, гупагъэр. Хэти ар хьэлІу зыхелъхьэри гъащІэ гъуэгур ирехьэкІ, хэти ар хуэмыгъэзащІу тощхъэрыкІ.

- Анатолэ, район сымаджэщыр илъэс 80 зэрырикъум дауэ фыІуща?

- Ар Іэтауэ дгъэзытэпІащ. Гупыр зэхуэсщэри яжесІащ: «Илъэс 80-р бжыгъэ мащІэкъым. Абы пьанджэрэ сымаджэщым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щекІуэкІащ, ди лэжьыгъэриефІакІуэурэ иокІуэкІ. Іуэхур къыщыхъур ди унагъуэщи, фыхуейімэ, ар Іэтауэ дгъэлъэпІэнущ, хьэуэ жьыфІэмэ, дебэкъуэнурэ, адэкІи дызэдэлэжьэнущ». АрщхьэкІэ гупыр арэзы хъуащ махуэщхуэр къыдэтхыным, абы и къызэгъэпэщынмэ сэри схуэзфІэкІ хэслъхьащ. Район администрацэмрэ профсоюзымрэ мыльхъкІэ зыкъытщІагъэкъуащ, мыдрейуэ сымаджэщым щылажьэ хэмэ ахуэзфІэкІ халъхащ. Махуэщхуэр дахэу, екІуу, зыми и мыарэзыныгъэ къдмыхьу екІуэкІащ. Итланэ сымаджэщым къикІуа гъуэгуанэм уриызгъэплъэж музей къызэІутхащ. КьытыгоГъэзэжрэм, си пэжьэгъуэм ар къыздамыІыгъамэ, махуэшхуэм я нэ къыхуимыкІамэ, апхуэдэу дахэу зэфІэкІынутэкъым.

- Ди гуапэщ ди зэфІэкІым хэнгъахъуэу. Фи мурадхэр къывохъулІэу дяпэкІи фыІуэжьы.

Епсэлъар

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иззэт.

Сабий къудамэм и унафэщІ Тхьэгъэпсо Маринэ сымаджэм ІофІэу.

Сабийхэм щеІэзэ къудамэм и шхапІэм и лэжьакІуэ Хьэгъэжей Лерэ сымаджэм шхын кьахутрегъэувэ.

Сымаджэщым и медсестра нэхъыщхьэ Бесльэней Марие.

Насып къызэрыгуэкІ мылъхъуа бзылъхугъэ

● Фэеплъ

АПХУЭДЭ Іуэху еплъыкІэм ди деж зыщебгъэхьу жьыфынэ фІэщхъугуэ ейщ, ауэ, тхьэжьыІэу жыпІэнумэ, актрисэ Іэщ Іагъэм зи гъащІэр тезыхуэр адыгэ бзылъхугъэхэм гульытэ хэкъэрэпщІэ лейрэ яхуищІыфу зригъэсэн хуейт ди лъэпкъым. Адыгэ культурэр дунейпсо культурэм дэбакъуэу зэгуэр тльагъуныр ди пльапІэмэ. Искусствэ нэгъэсаг эи щІалъэ лъэпкъ театр дгъуэту абы и тельыджкэр псэкІэ эыхэтщІэным дыщІэхьэпсыр пэжмэ.

Апхуэдэу жьдэзыгъэІэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, дыпэсыщІиджы... «ЩІыхуэ зыпІ щыхуэ уасэ хон» жыхуаІэм ещхьу, куэдым я хьуэпсапІэ у щыт актрисэ Іэщ Іагъэ дахэр къыхэзых адыгэ бзылъхугъэр а къыхихам щыхигъэн куэдрэ кьюхьу адрей адыгэ бзылъхугъэ зэрыщыгуэкІхэм гъащІэм щагъуэт «насып къызэрыгуэкІхэм». МыгъуэпщІ зыжьыжи хьунущ: узыфэхьуэпсэкІын куэд хэлъу пІэрэ, ярэби, а «насып къызэрыгуэкІхэм»? УмыдІэхэІами мынэхъыфІу пІэрэ, «насып къызэрыгуэкІ» уиІэ нэхърэ?.. Апхуэдэу Іуэхум егупсыс куэд, дауи, щыІэщ, «ахэр щоу» жоэзмыыгъэІэн щхьэусыгъуэхэри гъунэжщ. Іуэхущхуэрэхьэ, нагъэ къызэрымыкІуэхэр кьыщалъхьу хъуэ ГъащІэ архьуанэр дапщэщи уэрщ икІи гущІэгъунэщэ: гуэа-щІэхами а ресы кІэрахьуэм зэгуэр укъытредзэ ГъащІэм и ныджэм. Жкъытредзэри, нэхъапэхэм уэзэпэгэкІауэ щыта «насып къызэрыгуэкІхэм» уахуоплъэкІыж. ЖкъгенІуэу кьыпфэщІа гурыфІыгъуэхэр кьыболъхьуэжь. Ауэ уэхуей зэррыхьуу кьыпхуэгъэуэтыжхэм ящыщкъым а «насып къызэрыгуэкІхэри». Зэгуэрым уепэгэкІамэ, ублэпльыкІамэ, нэгъуэщІ къызэпыт тыхьхуэщІамэ, кьыщыпхуигъэгъуэ зэхэмызэхэуэ... Мис апхуэдэу, зыху эпэбгъэ щІыкІр яжуэзрымыгъэ-гъуэгрэ зэрфырыгъ улэ у, зэпэщІэтщ «актрисэ Іэщ Іагъэмрэ» дэтхэнэ бзылъхугъэм дежкІи нэхъыщхьэ дыдэу щытын хуейт «инагъуэ насыпымрэ». ХэхьыпІэ гуэр имыІэу пІэрэ, ярэби, а ІэмалымкІэ гъэм? Іэмал гуэр щымыІэу пІэрэ зэхэ зэригъэзэгъыфыну, зэрритыжьфыну?..

УныхэпсэльыхьыщІэ мыхъуну Іуэхугъуэу я къыщІэкІынущ мы сэ сызытегушхуар, ауэ щхьэкІэ, тІэкІу децыхрхьами, деІэбыщэнкъым. ПыуухькІауэ жьытфэфынур зы закъуэщ: деупсысыну, дытепсэлъыхьыну дыхуей-дыхуэмеями, мыр ди лъэпкъ театр (нэхъ уБгъуэрэ жьыпІэ хьунущ ар - сцен») искусствэм къыдекІуэкІхэм ящыщу «щыкІу» псалъэр зыкІэрымызагъэ мыгъуагъэщ...

* * *

АТЭМИ, Іуэхур зытетым тещІыхьауэ жьыпІэмэ, щхьэ зыхъмылъыхъэм яхэбжъэ хьуну си гугъэщ мис мыр: нагъэсаугъэ адыгэ актрисэ укъуныим щхьэкІэ, талантым къыщынэмыщІа, кьрикІуэнуми зэрыхъунуми ущІэмыгупсысу, «унтхьэзэнуми» укъыкъэкІыжьфынуми умыщІэу, «щыхькІэ» ЗэджэІналкъыхуэ къыхэпхьнуми уи насып къэкІуэнур хэкъутхьхьынуми ущымыгъ уаэзу, «Искусствэ зыжуаІэж тенджкъэ тельыджэм икІи шынагъуэм щхьэкъу зыюозыгъэ дзэфын лъагэныгъэ нэс хууиІэн хуейщ «Мельпоменэ и тхьэщІагъэ» зыфІэпщ хьуну тестыфь.

* * *

СИ ДЕЖКІЭ хуабжьу гукъинэж Іэфщ «Эдип» спектаклым дыщелэжьыж щыгъуэ, а Іуэхур кьыздезыхьэжьауэ икІи темыгъэжауэ щыта артист зыбжанэм ядэслъэгъуа щІыхугъэр. Ахэм яхэтащ Венерэ икІи псэемыблэжьу елэжьауэ щытащ кьыцІыса икІи фІыуэ ильэгъуа ролым.

«Лъэужь» тхьылъым сэ сыщытетхъыхьжащ «Эдип» спектаклыр гъэувыным гугъуСыгъуу пылъар зыхьуэдизым, ауэ щІыхукІэ, кьытедгъэзэжу мыбдежьым а псом и гугъу щытщІинкъым. АтІэми нэ хъ кьыхэгъэщауэ иджыри зэ жьыСІэну сыхуей: «авантюрэ дахэ» фІэпщынчу зыгуэркІэ къэзылэжьу кьыСщыхьу а Іуэхур кьыздезыхьэжьауэ щыта артист гупым сэ псэкІэ сахуэарэзыщ. «Сых уейкъым» зэрыжиІэу, а спектакльэуфІыщІыхьэрыуэу дгъэувыну дызыхуежьам хэмыкІыжьыфІу зыри а гупым хэт акъым, щхьэусыгъуэ нэпщІ гуэркэр кьагупсысуэ лъэныкъуэ зезыгъэзыжауэ щытахэм ещхьу. Ауэ, кьытыдогъэзэжри, кьалыса ролхэми сэри цыкъ пэжу кьытхущІэкІащ ахэм я нэхъыбэр. Щхьэ кьытесхэрэкъым абы щыгъуэ дэлъхугъэ-щыпхьугъэри Венерэ и Іуэхум зэрыхэтам...

* * *

ЦІЫХУМ и ІуэхущІафэр зыхуэдизыр къэлыгъэгуафІэкъым, ар «зэбгрыдзауэ» щыщытым дежь. ЗэбгъэуІужрэ ух эпльэмэщ абы и инагъри и куэгъри нэрылъагу щыхъур. Джэдзауэ Венерэ ильэс щэ ныкъуэ ирикъуауэ бенефис щыхуащІа щыхьщыхьщхьращ абы ипэжьар зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ адыгэ театрым и кІуэгъужэгъуэм я деж-кІэ нэсу къыщынэІуар. Дауи, ахэм гукъинэж ящыхъущ спектакль пычыгъуэхэм я концерт яхьуаІэм ещхьу зэхагъэувауэ щыта а бенефис дахэр.

* * *

ВЕНЕРЭ и лэжьэгъухэм, и ныбжьэгъухэм ІэфІу ягу къагъэкІыж ар цІыху псэ хьэлэту, пщІэфІэнкІэ Іэзэу, шыгъупІастэкІэ ж умарту зэрыщытар. Дэн Іэщ Іагъэмэ хуэІэкІуэлъкІуэт Венерэ, зэрыджэгуну щыгъынкъэм ящыщу, ахэм я Іыхьэ Іэгрэ-хэсым и Іэкі игъэхьэзырыжт, и гримыр «зыпсэзылъхьэкрэ» езырат. Абы и артис тыгъэм хэпльагъэу нэщэнэхэм ящыщт мыри: кьрата ролым зэрризэгъну ми псэемыблэжу елэжьт, бзылъхугъэ нэсу зыцэлыпІтэ ж дгъэнэми хуэдэу, сытым деж дахэу кьызэрыкІуэм ящІэжьу Іуэрагъэжьу. ПэщІ, дахэу ушытыпкІэ зэмыцэрэщІэ роли сцени щыІэщ, ауэ абы теухуауэ сэ сыхуейт, мыпхуэдэу жысІэну: бзылъхугъэ ж мэхъ яхуэбгъэгъэ хьуну «ныкъуасаныгъэхэм» языхэщІ ахэм ящыщ дэтхэнэрэ дахэу щытыну зэрыхуейр. Псом хуэмыдэжу, а бзылъхугъэр актрисэ Іэщ Іагъэм, цыкуухэр ныдэхьэхьи Іэщ Іагъэм, кьыхуальхуэу щытмэ, а хьэупсапІэр тІуащІэ, щащІэ хуэуэ кьыщІэкІынущ... Венерэ зигъэдахэ кьудейтэкъым. Дахэт. Апхуэдэу цыкъ я нэгум щІэтыну икІи кьыщІэнэну хуейт, ИкІи кьыщІэнащ ар апхуэдэу цІыхуэ я нэгум. Пасэмэу кьыщІащ...

* * *

ВЕНЕРЭ ныбжьэгъуи ищІыфу, ныбжьэгъэ уэрри хуэІыгъэшу дунейм тета цІыхущ. ШІэн кьытесхэрэкъым ахэмы кьызыдекІуэжьи и лэжьэгъуэм ящыщ куэдми мы жьыСІэнур кьызэрызадыгъынур: «дахэжьым» жьыпІэныр мащІэщ, - кьемызэгъщ икІи цІыхугъэншагъэщ бэм фІыуэ я льагъу артистыр дунейм зэрехьыж, театр фоейм фІэлъ и сурэтыр кьызэрыфІахьыжьр. Артистыр политикъым, абы и Іуэхущафэр Іуэхущафэ нэсэр цІыхум кьабыл ящІа цІэрыІуагъэ бгъэдэлъу щытмэ, театр фоейм и бльным ар зэи лей щыхьэн хуейкъым. (Мыри жьыІапхъэщ: уи сурэт театр фоейм и бльным фІалъхьэныр цІэрыІуагъэкІэ кьалэжь щыхьу щытын хуейщ, ахьуэ театрым лэжьапщІэ кьыщІыхьэх псомэ я сурэтыр щагъэльагъуэ стендым хуэгъэжІуэн хуейкъым ар)... Си щхьэкІэ си жагъуэ мэхъу щыхьхуэм яхуэпабгъэу дунейм тета ди актрисэ цІэрыІуэм и сурэт дахэр абы фІы дыдэу ильагъуу щІта ди театрым и бльным зэрыфІэмыплъыжыр. Адыгэ театрым и мыхамэу зызыльытэж цІыхум и жагъуэ зэрыхьуэн хуэдизкІэ. Дэльхум и жагъуэ зэрыхьуэн хуэдизкІэ.

ІУТЫЖ Борис.
2006 гъэ.

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

Пащтыхь хужьым и лІыкІуэ

451

Романым щыщ пычыгъуэхэр

Адыгэ тхакІуэ щэрыІуэ Жылэтэж Сэлэдин и Іэдакъэ къыщІэкІащ рассказ, повесть, кинофильм куащІафІэ зыбжанэ. 2004 гъэм дунейм къытехьащ Сэлэдин и пэ романыр – Къэбэрдей и тхыдэм щыщІэрыІуэ Къуэдзокъуэ Лэкъуанэ и гъащІэмрэ и Іуэхущафэхэмрэ теухуа тхыгъэ пІащІэр.

Жылэтэж Сэлэдин куэд щІауэ зыхуехьэс адыгэлІ щІэрыІуэхэм я хъыбархэр. Абыхэм ящыщщ Каспий тенджызым и къэхутакІуэ, абы и пэ картэр зыщІа Бековичь-Черкасский Александр (Бэчмырзэ и къуэ Долэтджэрий). Абы и гъащІэращ Жылэтэж Сэлэдин и етІуанэ романым хьабжэ хуэхъуар.

Газетым тыдодзэ романым щыщ пычыгъуэхэр.

ПСЫКЪУИЙ къатІэкъэ щыщІэкъэ псым зы махуэ-махуитІкІэ фІэкІа уефэ мыхъуу зэкІуэкІырт, цІыхухэм дахэ-дахэ у зыгъэхэупІэ ямыгъэуту сыдмыжэхъурт, кІэрыхуэр иуэдт... Хуабэ уэзыр къызыпкърыкырт абы ихьынут. Апху эдэ щыкІэкІэ Черкасскэм и экспедицэр къаруншэ хурт хивэдэсхэр къатеуэу щытмэ, зыхуэмыхьумэжьыфыным нэсауэ...

Ятэ махуэм гъуэгу тетахэр Акъ-Мурэз (псым) дежь нэху къыщІэкІащ. МахуиблкІэ кІуахэ зэжь, Эмбэ нэсащ. Абдежьым махуитІкІэ зышцатэсэхурт, псым зэрыхэупсыкІыну брамхэр ящІащ. Адэкіэ Богъуэт ауэзым дыхьащ, адэжькІэ Хивэ уэзыщІ гъуэгушхуэрат. Абы тету махуитхуикІэ кІуауэ, Хъэ эррэ Арал тенджызымрэ яку дэт лъагапІэм джащ. КъыжІэлъыкІуэ махуэм и нэхущым Иркет пэгъуэнэгъу пшахъуэ ІуащхьэхэмФ фэндхэмрэ псынэ щІыІэ из ящІри я гъуэгу теуэжащ. Арал бгъурытурэ тхьэмахуиблкІэ кІуащ. Адэкіэ аргуэру пшахъуэ эщІым щІидзэжьыр т. Хьэжу гъэпІэм кьриху фІэкІа умыщІэ жьы пщтыырыр пакІэпакІэуэр зцІыхуэм къаІуриуэрт, щІыфэрри нэкІри илыгъуэу, ильитщІу.

Яхуэмышэчыжьыхэр яжьэ фІэкІ умыщІэну пшахъуэ сабэм и гъуэз фІыцІэрт. Абы ух иІэжкъым: я нэхэм къыщІихьрт имыгъапІэуэ, яІуэхэм ирихьэрт имыгъэбауэу. ЦІыхухэм гурыгъуаэхэкІэ жьэгу мафІэр къаІэбэрэфыкъ фІэкІ умыщІэну, сакъыпхуэр, Іэбэрабэуэр кІуэрт.

Айбуигр гуэлым адэкІэ нэхь жьакъэжмэжт. Шы уэзыкъуэ ахэм я лъэхэр зэбламыкъыжьфу лъэрымыкъ хъу ат. Абыхэм ятелъ хьэлъэхэр цІыхухэм зытралъхьэрти, шыхэр къумым кьрапэрт. Махъшэхэм я лъакъуэ кІыхьхэр егаракІэ щІым кьытралІэгъыкІыжьфу къуедиІт. Іуейу я кьафэрыВыІэрти, пшахъуэм щІидгъэна хъунгъалІэ гъуэр кьрафыщІыкІыртт, шхын щхьэкІэ зэмышгъэлІэну.

Жэщхэри зыкІи нэхъ щІыІэтыІэ хъуртэжьым. ЦІыхухэр нэхъыщхьэхэми емыдэІуэжу, шэтыри нэгъэущ егъэзыпІэ гъэри зэрызэрауГсеини ямышІэжу, щэхъэу, гъэзэ у пшахъуэ къэпІъам хэу кІуриехэртри, асыхьэту Іурихьэрт.

Ящхъуэдэмыщхь уэу жэщ гуэрым ушхыр кІыхьэпхэури, дунейм игъэщІыІэтыІащ... Я Яыныкъуэхэм деж Бековичь щІэнур имыщІэу и щхьэр унаэзэрти, иг ури кІыхьэІыхьэрт. Абы и нэрм щІэкІыртэкъым и бынунагъуэ фІэкІуэдар. ИтІани адрей псоми я тетлъ бзылъхьри езыми игъэвырт - сэлэтхэм я гъуэзу щІы пІанэм щьижьйрт...

Иджы махъшэ мэзаныгъэм я Іэтащхьэ хъуар Хьуэжь-НэпІэст... Гъу эгу зыте тыр апхуэдизкІэ нэхъ хьэлъэж хъуащ, зы пскъкъуфІм къыщыщІадзэрти, ерагъкІэ адрейм нэсыбгъэрт.

Урыс экспедицэр къыщыуВІа щІыпІэм деж щІэх-щхьэкІуэрэ хьаным лІыкІуэ игъакІуэрт...

Абдула бкъ Іухамкіэ пльэрт. Абдежьым ГъунэтІуэ псальрыщІэр щыщІэжьІуэсыкІыртт. Абы и у эрщэр макъым щІэдэІуэ и псэм зигъэпсэхуу ар щыст...

Абдула къыщыІуХъэм Петькэ хэбжьбзэ гъуэрхэр жиІэу зэхихати, ар фІэгъэщІэгъэн хъу ат; ауэ абы щІэупщІэну къримыгъэзэгъэу пщым щыхуагъэзэну пІалъэм пэпльэрт, и гъу с сэкІэрэ езымрэ зэрыльагъу ї

- Дэнэ уэ ди бзэр щыІэзбгъэщІар? Жу эбзэгурэфми, си псэм фІэфІу сынодзІуащ, - псэльащ ар штэтыр кІапэр ягъэщІэжу бгъэдэт Петькэ хуэгъэзами, е нэгъуэщІ зыгъэр ильагъуэм ныкъуэмыщІэну. Итіани ар бдежьм Петькэ фІэкІ а бзэр къызыпуРыІуэм щытынкІэ зэрымыхъунур къыгурыІуэри:

- Сэ си анэр узбекщ, - пидзыжащ абы.

- Епльэт! Сэ зыкІи сыщыІуатэхьэм. Къэсщат. Япэ уэзрыІэхэсх лъандэрэр а уи макъым къыхэзэуфыдыкІыт си льэпкъым и псэ бзуэнкІэ. Дэ ди къэралым щІалэгъуалэм щІэныгъэ хьарзынэ щрагъэзгъ уэт. Мыдрисэ жаІэу зэхэпхакъэ?

- НтІа! - кІэщІу жэуап итащ абы.

- У э щхьэтеч бжесІэнэщи, у мурслымэну щытатэмэ, мы дуней уэзытетыр нэгъэущІ зыгъэру пльагъунут, - щІидзат щІалэр иущиныр:

- Сэ си диныр схуэ хъу жьыну къым, емыкІу къыслхуумыщІ, - Пащтыхьым ІуІуащІ Петькэ.

- Ар хъарзынэщ... Дин уиІэщ. Пхуэхъуэжьнукъым. Дауэ мыкъуми, дэ псори Алыхьым дыкъытрэщІащ, дыззэгурыІуэн хуеиІуэ, - псальэрт нэкІубгъэу жьэпкъышхуэр, хьэныр хьуам хуэдизкІэ щІэныгъэ гъуэжьу, тІэкІуи къызэщІэпльэу... Адэжь Безруковым зыхуигъаззри, еупщІащ: - Хъэзэгъ Іуфэм Іуащ1ыхь быдапІэхэр дауэ хьыбэхъуІэрэ? Пащтыхь хужьым Амударья нэгъэущІ щыпІэжь нгъэжьну хэтыр пэж? - жери.

- Ккъуфь тедзапІэхэр яухуащ. Абыхэм сыт хуэдизэ я инагъ?.. НэрпІупльэкІэ пльэуэ іуащІ.

- Ирджыри къэокІуэ, - хъыбар къаригъэщІащ. - Кьэсащ аехр, фыкІуэ, къевгъэблагъэ.

- Сэ хъаным сриІлыкІуэщ. Сэ хъаным сриІлыкІуэщ, - зиІыгъуэжьрт лІыкІуэ Іэтащхьэм. Ар къыщІашэри, адрейхэр куэбжьм деж къыщІэзэграгъэувыІащ. - Сэ сыкъыІэзыхэкІа льэпкъым зэчимышхуэ бгъэдальщІжьисІэмэ, щхьэщыгтхуэ къыскІащІыну. Ауэ ар, Тхьэм и шыкурКІэ, пэжщ. Фи лІыкІуэ невгъэжьэнмэ, пщэдджьыжь дэ абы дыкъыпежьэщІ, Черкасскэм хуэфащэу пщІэ хуэпщІын хуэдизу Фэ псори пащтыхь хужьым фрилІыкІуэщ. Пщыр и льаганІэм къехьыкри, абы къыбгъэдыхьащ.

- Фыкъеблагъэ!

- Фым дых уяблагъэ. Къытхуэвгъэгъу щыуагъэщхуэ зэрыгтІэщІэкІам щхьэкІэ. Зи щІыхьыр

ИЖЬКРЕЙ зэманым Бековичь езэгъыптэкъым жейм, и дэз увыІэпІэр къыІэхихІухьу жэщкІэ яхэпт. Екъуапсэрт ар гум илъу жей сэлэтхэм. Абыхэм я пырхъ макъыр ахэр зыкІи зэрымыгуэавэм, гу кьыхэщтыкІ зэрамыщІэм и щыхьэтт. Езым дежкІэ, дауи, нэхъ тІынщт апхуэ дизкІэ ящІэ и пщэ имыльу, щыджалэм къыщытэджыкъ сэлэт къыІэзэрыгуэкІыу щытатэмэ.

- Хивэ къалэшхуэу пІэрэ? - зэхихащ абы зы мафэ.

- ХьаІэ. Бухьэращ нэхъ иныр. Мусльымэнхэм я къалащьхэр... Хивэ къужажэ щІыкІу хуэдэщ, - къыпэджэжащ абы нэгъэущІ зы.

- Хэт-тІэ а къужэ щІыкІуи зэ дзэр хуэзыльыр? - щІэупщІащ аргуэру нетІрейр.

- Къэрэгъэщ гуэлым деж хивэдэсхэр япэу къыщыттеуам ар ауэ зэрымыщІэкІэ губгъуэрыс хьэлъэхэрауэ жаІащ.

- Хьаным ящІэу ахэр къытеуэнкъым, - ягу фІы ящІт офицерхэм, - абы лІыкІуэ къытхуигъэкІуащ, ди тыгъэхэр тІихащ...

- Сыт ар хьаным дежкІэ? - егупсысырт сэлэтхэр. - Абы сытри иІэщ - щакхъуи сыт хуэдэ гъуэмылэ хуеІми... Уэ, мис, пшахъуэ Іэтэм къужэу сухъар гъурым егъу! Зэхуэдэ? Зэхуэдэжьым.

- Абыхэм къаукІа Тувалюв щІэтхьэжащ...

- Бдзэкъуэ щІэкІуэ кІуахэм къращІар пльэгъуащ. КьызыфІамыгъэІуэхуэрэ къытхуэу - къытхуэрэри щІопхъуэжьхэр.

- Дэ эдцІэжьэ... ДылІыкІуэщ - сыт къытхуежьэн?

- КьуащІэр ещІэжьын хуейщ, сыт кьыпхужьаІэми.

- Пщым идэркьым.

- Идэн ху ейт: Мыпхуэ дэ зедгъэжьынутІ?

- Хьаным зихъумэжьыну хэтщ, и дзэр къемещІэкІыу арагъэнщ, кьыттеуэм, щІэпхъуэжьурэ зыщІыщІыр.

- Ауэ щыхьэкІэ, урыс сэлэтыр хэмыІэбэу хьунукъым...

- Аращ.

- Дэ сыт хуэдизрэ дыщыІэну абы?

- Тхьэм ещІэ... Мазэ... Ильэс... Хьаныр езыр зыхуейм хуэдизкъару зэгригъэпэщыжу. ИтІанэ ІувгъэзэныкІ, жиІэнри хэльщ... ГъащІэми кьу лыкъуми езыхэм я макъ яІэжщ, абы уэ пэщІэвэн ельыгт. - Жэщ кІыфІым хэту, и пІэм идиихьауэ а псальэмакъым щІэдэІуэщ Бековичь. ИгукІэ жиІэрт пщым: - Пащтыхьым и унафэр сыт нэхъри нэхъапэщ. Пащдэт абы хъыбарегъащІэ къыІэнэу къыщІэжьынщ... Дэ дгъэжІэнуэхэр-щэ?..» - Куэдым егупсысырт пщыр - жэщкІи махуэкІи зыгъэпсэхупІэ имыльэту, гуэзавэ зэпльту, емызэгъуІ, къыкІуІ-ниКІуІкІу...

Пщым и нэгу щІэх-щІэхьурэ кьыщІыхьэжьрт «сыкрэфыжьхьи хуейщ» жиІэу кьелъэІуу Хьуэжь-НэпІэм къызэрэптІысар.

- Тъдж! Сыт пщІэр? Сэ уэ емыкІу уСщІыркьым, - псальэ уэ рэ пщым пхъуэнтэщхуэр зэтрихащ. - Мис кІащтэ, - хуишящ ахъшэ. - Мыр уи ахъшэщ. Модэ зкІи къуэтынущ, - сэлэм гуапэ ирехьк, Іэплъэ хуещІыжкри, ирегъэжьэж...

- Шустров, Хьуэжь-НэпІэс гъэІэпхъуэжьыт модэ нэс. Дэнэ щІэ Шустровым?

Асыхьэту Безруковымрэ Шустровымрэ къыщІохьэ. Шустровым и нэпсхэр щІельэщыкІыжьк, зэрыгъар наІуэу...

- Илья Даниэльич! Зыгъэхьэзыр, Урысейм узгъэкІуэжынущ. Зи щІыхьыр льагъэм хуэпхьэжынщ Хьэзэр тенджызым тетха картэр, сурэтхэр. Сэ аэр сдесхьэжьэфынукъым. Зыгуэр кьэхъуфыкъуэ хъумэ... Сэлэт дапщэ хуэуфІми здешажкъэ. Сэ си пщэ кьраль хьар и кІэм нэс згъэзэщІэну и ужь ситынущ... А Хьэзэр тенджызым етхьэлІа гугъуэкъыр мыкІуэдауэ кьасщІэжь, куэдкІэ нэхъ сытыпынынущ.

НетІэ къызэтриха пхъуантэщхуэм аргуэру бгъэдэхъэ, пщым эзкІуэщІыпитІ кьыдехри, зыр зэрукъоныжьхуеІщи.

- Мис ди тхьылымпІэ льапІэхэр. Мыхэр уи псэм хуэдэу хъумэ. Тхьэм гущІэгъу кьыпхуищІ.

- Пщы! Шынагъэ щыІэнкІэ хьуну ара? - кьэщтаущ щІэупщІащ ар, и натІэм кьыстрикІуТа пщІэнтІэпсыр ирильэщІэкІыуэрэ.

- Аращ! - жиІащ пщым.

- Дапщэщ? - пидзыжащ Безруковым.

- Иджьпсту и чэзуэкъым абы дытепсэтхьыхьну. Ежьэ. Мыбэлэрыгъэ. Урах ужьэмэ, яІэщІэкІ, ар сыт хуэдизкІэ гугъуу ящІ?

- А тхылымпІэхэр сэ си псэр пытыхуу схьумэнщ, сыт хуэдизу гугъуехь пыІыми. СльэкІ къэзмыгъанэу сахуэсакъынщ, - кІэлъгъэрэ Безруковым Бековичь. Пщыр, зыри пимыдзыжу, абы бгъэдыхьэри, гуапэу Іэплъэ, ба хуищащ.

- Гъэгу махуэ, си ныб жьэгу! - Безруковым ехьэуэхьурэ ятІэнэ зэкІуэцыІыпр Хьуэжь-НэпІэс езыгъэжьажьу къэзыгъэзэжа Петькэ ириитащ. - ГъэпщкІу быдэу. Мыхэри сурэтхэ. Тетхыдэхэрэр, Іуэ зэмыгъусэмэ, нэхъ хъуэм хьунущ.

- Кьыузгуры Іуащ, - кьитащ жуэап Петькэ, пщым и пщэ кьрІыльхьа Іуэрэр зэрыиныр иригушхуэ.

- Дэгъэущ. Уэри гъуэгу зэгу махуэ! КІуэ! - жиІэурэ зриШалІэри, Іэплъэ хуищІащ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Джэданэ Алим

● Дзюдо

Дзюдоэр алим - дыщэ, УнэшхуэлІымрэ КІыщмахуэмрэ джыпІэ мудалъэр атрахыгам къыхуахьащ

Дзюдомкіэ Германием и Кубокыр къэхьыным теухуа дунейпсо зэхьэзэхуэ Брауншвейг къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту абы щыбгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен Тау Хьэсэнбий, Унэшхуэлі Аслъэн, Джэданэ Алим сымэ. Апхуэдизу зэпеуэм хэтащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ адыгэ щІалэ КІыщмахуэ Руслани и «Гладиатор» спорт клубым и бэнакІуэ москвадэс Михайлин Александрэ.

Унэшхуэлі Аслъэн

КЪЫХЭДГЪЭЩІНЩІ. Германием щекІуэкІа зэхьэзэхуэ зэІуэм тренерхэр щыхэплъащ фокІадэм Бразилием щызэхэтыну дунейпсо чемпионатым ягъэкІуэну кьыхахыну бэнакІуэхэм.

Урысей Федерацэм и командэм дыщэу зы медалщ кьыхуэхьар. Ди гуапэ зэрыхъущи, ар зыхуэзфІэкІар Джэданэ Алимщ. Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, ди щІалэр щыбгаиэр килограмм 66-рэ зи хьэпІагъэхэм я дежщ. Абы и тренерыр Сэралъэ Олегщ.

ЕкъулІэныгъэ хъарзынэ зэпеуэм щиІащ Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэн Унэшхуэлі Аслъэни. Килограмми 100 зи хьэпІагъэхэм я деж щыбгаэр ди щІалэр финалым нэсащ. Ауэ абы и кьарур хуриКъужагъэнкъым Іуэхур икІэм нигъэсыну. Абы кьытекІуащ Голландием и бэнакІуэ Грол. Арати, зэкІэ Аслъэн дыжьын медаль кьыхьащ.

Гуэхъуэзу зыкъагъэлъэгъуащ адрей ди щІалэхэми. Дыжьын медаль зэпеуэм щызыІэрригъэхьащ килограмм 60 хьэхэм я деж щыбгаэ КІыщмахуэ Руслани. Ещанэ увыпІэр кьихьащ Михайлин Александр. Ар щыбгаэр килограмми 100-м щІигъэхэм я дежщ.

«Финальр КІыщмахуэм иригъэкІыщ, Тменов Тамерлан етхуанэ хьуауэ аращ. Олимп Джэгухэм жэз медаль кьыщыызыха Тау Хьэсэнбий - ебланэщ. Ауэ щыыпхуэгъэ зыри кьэхъуакъым. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, мы зэпеуэм хэтхэм кьалэн зырызэ яІащ. ФокІадэм Бразилием щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым хэтыну Тауми, Тменовми, Михайлинми я кьалэнхэр ягъэзэщІащ. Абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэу щытар я кьарур кьапщытэжьныщ, я щыуагъэхэм гу льатэжу ар зэрагъэзэжуэжьын Іэмалхэм чемпионатым щІимыдзэ щІыкІэ иджыри зэ хэпІэжьныкъуэ, - жкІриІащ журналистхэм УФ-м дзюдомкІэ и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Табаков Сергей.

Германием и чемпионат зэІуэхам хэгъэрей командэм ящэ увыпІэр щиубгъащ. Абыхэм кьахьащ дыщэ медалу 4, дыжьыну - 3, жэзу - 6. ЕтІуанэ хьуащ Голландием и командэр, абы кьихьащ дыщэу - 2, дыжьыну - 1, жэзу - 2. УФ-м и бэнакІуэхэр ещанэщ. Абыхэм дыщэ медалу - 1 (Джэданэ Алим), дыжьыну - 2 (УнэшхуэлІымрэ КІыщмахуэмрэ), жэзу плІы (Михайлиным зыр ейщ), зыІэрагъэхьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Щэнхабзэ

Щыхухэр хуэзэщауэ

***Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхъэрэми щыщІэрыІуэ уэрэджьІакІуэ, композитор Лий Аслъэн цІыхухэр зыхунгъэзэщащ, Куэд щІауэ утыку къымыхьауэ, мы мазэм и 16-м абы концерт щытІынущ Налшык къалэ дэт «Фламинго» ресторанымрэ пэшышхуэм. Адыгэ щІалэм и уэрэдыІэхэм, и мурадхэм, и хъуэхапІэхэм я гедгъэпсэтыхьыхьну зыхуэдгъэзащ.**

- Аслъэн, утыкум укъызэрымыхьэрэ куэд щІащ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Пэжщ, зэман гуэркІэ утыку сыкъыхьакъым. Апэрауэ, гъуэгу кьэхъукъащІэ сыхэхуэри, куэдрэ сысымэджащ. Апхуэдэхэм деж тыншу зыкъыпхуэуэжьыжьркъым. Ауэ абы и заКъуэкъым сэ утыку сыкъыщІимыхьам и щхьэусыгъуэр. Концерт щхьэхуэхэм я кьызэгъэпэщакІуэхэм зи щІэ кьисІуэну сызыхуэмей гуэр «ечэнджэщащ» утыку сыкърамыгъэхьэну. Ар сытым кьыхэкІами сщІэркьым, ауэ сэ зэи зыми си лэжьыгъэр хьІфІызигъэдзэфынукъым. Сэ сыщылажьэм деж си гум илъыр зыщ - си гъэпкъыр зыщыгуфІыкІыни кьызэхуІларэт, зыгуэркІэ згъэгупыуарэт жьысІэу аращ. Абы зыми и зэран хэльу кьэсслыгъэркъым. Тхьэм и фІыщІэкІэ, иджьпсту си Іуэхуэхэр нэхъ зэтеувэжащ, адэкІэ щІэмычэу сылэжьэфыну си кьарум сыкьеГъэгугъэ.

- Концерт кьэблагъэм и программэр сыт зытеухуар?

- Япэрей программэм и етІуанэ Іыхьэу аращ иджьпсту згъэхьэзыра этнопроектыр. Апхуэдэ гъэпкъ уэрэдхэр нэхъыбэу зыхэт программэхэм адыгэ хэр хуейуэ кьысщоху. Щалэгъуалэм ди бзэр, ди кьафэр, ди макъамэр зэрызыхебгъэщІэфынкІэ аращ. Псалъэм папщІэ, мы гъэм Москва щекІуэкІа адыгэ зэхуэсым щІыщыкІыжьри, Хьэзэр тенджызым тетха картэр, сурэтхэр. Сэ аэр сдесхьэжьэфынукъым. Зыгуэр кьэхъуфыкъуэ хъумэ... Сэлэт дапщэ хуэуфІми здешажкъэ. Сэ си пщэ кьраль хьар и кІэм нэс згъэзэщІэну и ужь ситынущ... А Хьэзэр тенджызым етхьэлІа гугъуэкъыр мыкІуэдауэ кьасщІэжь, куэдкІэ нэхъ сытыпынущ.

НетІэ кьызэтриха пхъуантэщхуэм аргуэру бгъэдэхъэ, пщым эзкІуэщІыпитІ кьыдехри, зыр зэрукъоныжьхуеІщи.

- Мис ди тхьылымпІэ льапІэхэр. Мыхэр уи псэм хуэдэу хъумэ. Тхьэм гущІэгъу кьыпхуищІ.

- Пщы! Шынагъэ щыІэнкІэ хьуну ара? - кьэщтаущ щІэупщІащ ар, и натІэм кьыстрикІуТа пщІэнтІэпсыр ирильэщІэкІыуэрэ.

- Аращ! - жиІащ пщым.

- Дапщэщ? - пидзыжащ Безруковым.

- Иджьпсту и чэзуэкъым абы дытепсэтхьыхьну. Ежьэ. Мыбэлэрыгъэ. Урах ужьэмэ, яІэщІэкІ, ар сыт хуэдизкІэ гугъуу ящІ?

- А тхылымпІэхэр сэ си псэр пытыхуу схьумэнщ, сыт хуэдизу гугъуехь пыІыми. СльэкІ къэзмыгъанэу сахуэсакъынщ, - кІэлъгъэрэ Безруковым Бековичь. Пщыр, зыри пимыдзыжу, абы бгъэдыхьэри, гуапэу Іэплъэ, ба хуищащ.

- Гъэгу махуэ, си ныб жьэгу! - Безруковым ехьэуэхьурэ ятІэнэ зэкІуэцыІыпр Хьуэжь-НэпІэс езыгъэжьажьу къэзыгъэзэжа Петькэ ириитащ. - ГъэпщкІу быдэу. Мыхэри сурэтхэ. Тетхыдэхэрэр, Іуэ зэмыгъусэмэ, нэхъ хъуэм хьунущ.

- Кьызгуры Іуащ, - кьитащ жуэап Петькэ, пщым и пщэ кьрІыльхьа Іуэрэр зэрыиныр иригушхуэ.

- Дэгъэущ. Уэри гъуэгу зэгу махуэ! КІуэ! - жиІэурэ зриШалІэри, Іэплъэ хуищІащ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Гукъеуэ

Ар дауэ гум тебгъэхуэн!

ПщІэ зыхуэтщІ редакцэ! Фи газетым и нагъыІуэщхэм щІхьщІэхьыурэ къытохуэ щытхъу тхыгъэ, фІыщІэ пісьмо куэд, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ къалэмыр къыдэзыгъэщтар тхьэусыхафэщ. Дэ дегъэпІейтей икІи мымащІэу дегъэгуазэ Лашынкьей къуажэм дэлъ ныкъуэшыгъэхэм.

Нэхъ хьэлъэ дыдэр мы гъэмахуэр зи хуабагъэм къуажэдэсхэм псы зэрамыГэрщ. ЩІымахуэ лъэхъэнэм жэщ-махуэми зэ псы кьакІуэу дрихьэлІэмэ, зэхуэтхьэст, ауэ гъэмахуэр икІыку махуибгъу-пщІым зэщ псыр къызэрыкІуэр. Іуэхур щІыпІэ администрацэм щызэхагъэкІыну къуажэдэсхэр ежьат, арщхьэкІэ администрацэм и Іэтащхьэ Тхьэзэпльыж Хьэутий икІэрауэ и дежьапІэ пэшым пІыхуэхэр щІишІуэ къепсэлъакъым, атІэ гъэзэрыкІыуэм зэрытету къахуиІыщ, псалъэ мыхьэмыщІэхэр къарипэри, ежьэжащ.

Зэрыжьэмкіэ (и пэжьыпІэ тщІэркъым), мы лъхъэм и пэщІэдзэм псы Іуэхуэр зэтес ящІыжьын папщІэ КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкІ мылъку хьарзынэ (сом мелуан 12-м нэблагъэ) къуажэм кьратащ. Ауэ, сыт хуэдизу ди жагъуэ мыхъуруткэр къежьащ, а малькэр зыхуэхахэм зэрытемыкІуэдар зьокъщ. Гъэмахуэр къохьэри бжьыхьэр хэкІуэтэху щІыхуэхэм псыкІэ бзылъхьар яшэч. ЗагъэлІэн? Хэт щыгукІэ, хэти пэгункІэ псыхьуэм щхьэхуэ псыкІэ мэзу, я Іэпщы, джэдкъаым, хадэм тІэкІу-тІэкІуу лъагъэІэс.

Лашынкьейдэсхэм ягу зыгъэныкъуэхэм щыщщІ маштрутхэхэм я зекІуэкІри. Пщэдджьыжь къэс къуажэкІэм дэж маршрутхэхэр щыІэхэтщ, щоферхэр мэуэрщэр, мыдэкІэ студентхэр, школакІуэхэр, лэжьакІуэ-бгъэракІуэхэмрэ нэгъэущІ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ унэ ихІахэмрэ здежьам кьыкІэрыхуэуэ къъуВІэпІэхэм тетщ. Зы маштрутхэр къежьащ-мэ, ихьи хуейм хуэдэ щыбжанэ зэуэ ирешащэри тІысылпІэ дэнэ къэна, увыпІи бэуапІи иІэкъым. Студентхэм папщІэ зы автобус тетати, «Налогыу кьыэзитыр мащІэ», - жиІэри кьуэкІуэ админстрацэм и Іэтащхьэу щытам нэгъэбэ трихужащ.

ЖьпІэнурамэ, цІыхухэр арэзы кьызымыщІ гуныкъуэгъуэ куэд дэлъщ ди къуажэм мы лъхъэнэм, ауэ псом нэхъри нэхъапэр псыр дыззримыІэрщ. УІэбэху уэзыуэйр щымыгъуэткІэ, ар дауэ уи гум тебгъэхуэн!

Іыхь лейуэ ди гуапэ хуэни фІыщІэ мыуфыжи ялыдгъэсынт ди республикэм и унафэщІхэм ди гукъеуэхэр зэхахатэмэ, дыкІыІут Іуэхэр зэхащІыкІатэмэ.

Лашынкьейдэсхэм къабгъэдэкІыу письмом цІыху 39-м я Іу щІэздащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Жылаев Маритэ, Ныбжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ къатхэр.

ф

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэЗта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыкІэр зэтехуэ зэпыщІыкІыну.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынкІи и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпщІэнныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м ЦІыхьэзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Тиражыр 10.037 экземпляр.

Индексыр 51531.

Къэбарыр щыІэкІыну щыублагъэр 2007 гъэм бэдзэрыгъуэм и 15-м.

КъыдэкІыну щыублагъэр 2007 гъэм мэлылъфыгъуэм и 15-м.

Газетым и къыдэкІыкІэр: щэбэт.

КъыдэкІыну щыублагъэр 10.00-м. Щыгъуазэ щыублагъэр 21.00-рщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм Іуащэ зэхащІыкІащ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуазэ сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.037 ● Заказ №2431

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ,** редактор **ЖьэкІэмыхьу Маринэ,** корректорхэу **Афэ Тамарэ** (*1, 4-нэ пп*), **Табыщ Динарэ** (*2,3-нэ пп*).

КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ **Дол Маринэ, ГъэкІэлІ Рае,** *суэрэтыщІ* **Бицу Жанн.**

Редакцэм и адрес:

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ къатхэр.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Зи ныбжь хэкІуэтахэм хуащІ гулъытэ

Май куэйм зи ныбжь хэкІуэтахэм я унэр къыщызэІуахауэ щытащ 2004 гъэм. Ар псэупІэ зыхуэхъуэхэм яхэтщ ныкъуэдыкъуэуи щІыхь 11.

Мыбы щыІэхэр зы унагъуэм хуэдэу зэдопсэу. Махуэм 5 ягъашхэ, шхыныгъуэхэр зэмылІэужьыгъуэу, къэуат щІэлъу зэрагъэхьэзырыным пщІафІэхэр хущІокъу.

Унэм и психолог Осетрова Елизаветэ зэрыжиІэмкІэ, дэтхэнэ зыми и лъэІур зэрагъэзэщІэным хэтщ. Зи ныбжь хэкІуэтахэм псом хуэмыдэу зыфІэфІщ зыгъэпсэхупІэ пэпщым нэхъыбэрэр щагъэкІуэну.

«Мыбы зэманыр къыщыэтеувыІэ хуэдэщ, куэди уигу къегъэкІыж, - жаІэ абыхэм. СыткІэ жамыІэнрэ, нэхъ хуэмэ, хуитмэ, къабзэлъабзэмэ, телевизор, музыкальнэ центр щІэтмэ. ИІэщ шахмат, шашкэ джэгупІэхэр, уеблэмэ зэман жыжьым къызэринэкІа граммофон, пластинкэхэр яхъумэ, я гуапэу лЫыжь-фызыжьхэр абы йодаІуэ.

Унэм и лэжьакІуэхэм зи къару кьихьыныхэр яшэ Май къалэм дэт библиотекэм, музейм.

КІЭБШІЭ Лилэ.

● Загъэпсэху

Сабийхэр дахъэхыф

Зыщагъэпсэху икІи узынщагъэм щыкІэлъагъэлІэ «Бахъсэн» лагерь республикэ псом и нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зыщ, япэу мыбы къэкІуа сабийхэм ятІуанэуи ещанэуи кьытрагъэзэжыну куэйщ.

ЛАГЕРЫМ и унафэщІ Даур Хьусен цІыху гумызагъэщ: пщафІэхэм я гъэхьэзырам езыр кІуэнурэ епльынущ. ЦІыкІуэхэр фІы дыдэу зэрагъашхэм нэмыщІ, мыбы махуэ псор гуфІэгъуэ зэхьэхьэм ещІхьу щокІуэкІ.

СпортымкІэ зохьэзохуэхэр, кьапщтэмэ, футболымкІэ, теннисымкІэ, сурэт щІыныкІэ, къэфэныкІэ, уэрэд жьІэныкІэ. Лагерым и щІэ